

Ti konsèy pou elèv k ap pran bis:


Se responsablite tout responsab lekòl, chofè bis, paran ak elèv yo, yo menm, pou asire tout moun k ap pran bis yo suiv regleman sa yo

Nan estasyon bis la:

- Se elèv ak paran ki responsab sekirite ak bon konpòtman elèv dwe genyen lè y ap vini, lè y ap kite ak ni lè y ap rete tann bis la nan estasyon an.
- Elèv pa dwe rete nan mitan lari a lè y ap tann bis la.
- Elèv dwe respekte efè pèsònèl lòt moun.
- Elèv pa dwe ap fè jwèt pouse, bouskile oswa ap fè jwèt brital nan estasyon bis la.
- Paran dwe siveye konpòtman elèv yo si posib nan estasyon bis la.
- Elèv yo dwe rive nan estasyon an omwen senk minit avan lè bis la pwograme pou vin chèche yo a.
- Elèv dwe kanpe tann oswa desann bis la egzakteman kote ki pwograme pou bis la kanpe sèlman.

Lè w ap monte ak desann bis la:

- Toujou kanpe lwen “zòn danje” distans douz pye ki alan-tou bis la, eksepte si chofè bis la ba w lòd anbake oswa desann soti nan bis la.
- Pa JANM bese ranmase bagay ou genyen ki tonbe anba bis la. Mande chofè a pou ede w.
- Toujou fè sèten chofè bis la kab wè ou kote li ye a.
- Fè sèten ni rad ou ni valiz ou pa gen lasèt oswa riban twò long ki kab pran nan manch ranp la oswa nan pòt bis la.
- Lè w wè bis la ap vini, kanpe nan estòp la epi toujou rete tann bis la kanpe nèt.
- Toujou rete tann siyal chofè a pou konnen si ou kab travèse lari a ak/oswa monte nan bis la.
- Lè w ap travèse liy trafik la, toujou gade a goch, gade a dwat, epi gade a goch ankò avan ou travèse lari a; pa kòmanse travèse toutotan machin yo pa kanpe nèt.
- Pa janm mache pase dèyè bis la.
- Monte sèlman nan bis yo mete pou ou, sof si ta gen lòt aranjman lekòl ou a te apwouve ki rekòmande sa.



Pandan bis la ap kouri:

- Toujou obeyi lòd chofè a.
- Pa janm eseye devye atansyon chofè a, eksepte si gen danje imedyat.
- Rete chita nan plas ou pou kite koulwa bis la vid.
- Li entèdi pou elèv manje, bwè ak moulen chiklèt nan bis lekòl la.
- Pa janm monte bis la ak yon objè danjere oswa ki pa otorize pou vini nan bis la ak li.
- Toujou mete senti sekirite depi gen youn disponib.
- Toujou kite bra w, janm ou ak tèt ou andedan bis la.
- Toujou montre ou gen respè pou lòt elèv parèy ou.
- Kenbe ton konvèsasyon ou yo nan yon nivo rezonab epi rete dousman lè bis la ap travèse ray tren. Menm kòd konduit elèv ki valab pou klas la valab pou bis la tou.

Èske w te konnen gwo bis lekòl koulè jòn ou abitye wè a se pi bon mwayen pou ale ak soti lekòl? Chak ane, gen prèske 800 elèv ki pèdi lavi yo Ozetazini pandan y ap mache sou wout pou vin lekòl oswa sou bekàn oubyen nan lòt ti machin prive ki pi piti. Se sèlman de pousan nan total lanmò sa yo ki fèt swa andedan oswa tou pre yon bis lekòl.

Konsèy pou elèv k ap vin nan vwati, djip (SUV) ak nan kamyon:

- ✓ Chofè ak pasaje vwati, djip (SUV) ak gwo kamyon yo dwe toujou itilize mezi prekosyon apwopriye yo. Nenpòt moun k ap transpòte timoun nan machin yo bezwen gen chèz pou timoun ki apwopriye, syèj adisyonèl ak kousen elve pou timoun, oswa senti sekirite, suivan laj ak gwosè timoun sa a.
- ✓ Timoun preskolè yo dwe toujou byen asire nan chèz ki gen sistèm atachman ak sekirite espesyal pou sa, tankou chèz tibebe ki bay fas sou dèyè machin nan, chèz adaptab ki bay sou dèyè, chèz adaptab ki bay sou devan, oswa chèz adaptab ki bay sou devan sèlman, tou depan laj ak pwa timoun nan.
- ✓ Tout timoun ki vin twò gran oswa twò gwo pou chita nan chèz tibebe dwe chita nan syèj adisyonèl pou timoun nan jiskaske yo rive laj 8 an, amwenske yo mezire 4' 9" nan wotè.
- ✓ Plas dèyè se pi bon plas nan ka aksidan. Timoun 12 zan oswa pi piti ta dwe chita dèyè machin an ak senti sekirite sou yo. Tibebe nan chèz devandèyè yo menm pa ta JANM dwe plase devan kote ki gen sak ak è nan machin nan.

Ti Konsèy pou Paran ak jèn k ap kondui yo:

Pou diminye sou depans enèji, polisyon ak anbouteyaj sikilasyon nan katye lokal yo, gade pou wè si n kab mache oswa monte bisiklèt ak piti ou pou vin lekòl. Si ou oblije kondui, tanpri pran ti prekosyon sa yo:

- ✓ Lè n ap vin chèche piti nou lekòl nan apremidi, pa eseye rive twò bonè pou nou pa kreye twòp anbouteyaj trafik nan katye lekòl la.
- ✓ Rete nan yon sèl liy epi kite ase espas pou si yon machin sekouris ta vin gen pou pase nan ka yon ijans.
- ✓ Pa bloke pasaj sou twotwa yo ni bwat postal yo, ni pakin andikape yo oswa bouch ensandi yo, epi pa estasyon sou gazon yo nonplis.
- ✓ Pa bloke aksè oswa vizibilite ki bay sou lòt riyèl yo.
- ✓ PA fè bak nan pakin lekòl la pou antre nan okenn lòt ri oswa riyèl akote.
- ✓ Eseye pwograme lè w ap vin depoze oswa chèche piti ou lekòl aprè lè anbouteyaj la epi itilize espas ki make pou sa yo.
- ✓ Toujou suiv rekòmandasyon pano siyalizasyon yo ak en fòmasyon lekòl la oswa lapolis yo bay.
- ✓ Toujou respekte vitès limit ki afiche ak lòt regleman sikilasyon yo.
- ✓ Fè menm jan ou ta renmen lòt moun fè si se te nan katye pa w yo te ye.
- ✓ Pran pasyans epi eseye konprann gen pyeton, moun sou bekàn ak bis lekòl k ap soti lekòl la tou.
- ✓ Toujou fè sèten tout moun nan machin ou gen senti sekirite yo.
- ✓ Pa janm ap pale nan telefòn pòtab oswa angaje w nan lòt distraksyon lè ou sou volan machin ap kondui.

Èske w te konnen aktyèlman aksidan machin se prensipal koz lanmò tout jèn ki gen ant 15 ak 20 tan Ozetazini? Daprè Administrasyon Nasyonal Sikilasyon ak Sekirite Woutyè (NHTSA), te gen 7.460 ka jèn chofè laj 15 ak 20 tan ki te enplike nan ka aksidan fatal pou ane 2005 la. Pi fò viktim nan ka mòtèl ki enplike jèn chofè sa yo se chofè yo yo menm ak tout pasaje yo.



Ti Konsèy Sekirite pou Elèv k ap Mache ak sa k ap vin sou Bekàn:

Mache ak monte bekàn pou vin lekòl la tou reprezante yon bon mwayen pou fè egzèsis tou ak pou pale ak piti ou, montre li teknik ak prekosyon li dwe pran nan trafik la k ap sèvi li pou tout rès vi li. Chèche konnen kapasite piti ou epi pa bliye piti ou gen limit li tou. Timoun ki poko gen 10 zan yo pa devlope pou gen ase lespri ki kab pèmèt yo fè bon jijman nan kontwòl vitès ak distans kòm sadwa.



Pou elèv k ap mache yo

Montre, pratike ak fè timoun yo sonje pou:

- ✓ Toujou mache an konpayi yon granmoun oswa lòt timoun responsab ki pi gran pase yo.
- ✓ Timoun ki poko gen 10 zan yo pa janm dwe travèse lari a pou kont yo san yon granmoun.
- ✓ Mache sou twotwa a, si gen twotwa.
- ✓ Mache pou wè machin k ap vini anfas ou yo, rete pi lwen trafik la/lari a si posib, sizoka pa ta gen twotwa pou w mache.
- ✓ Itilize siyal trafik yo ak mak kote pou travèse la ri yo si genyen.
- ✓ Kanpe nan chak koub oswa nan chak kafou pou w gade a goch, a dwat, epi gade a goch ankò avan ou travèse.
- ✓ Mache; pingga kouri.
- ✓ Bay chofè yo tan pou byen kite yo wè ou pandan w ap travèse lari a.
- ✓ Kontinye veye machin yo pandan w ap travèse lari a.
- ✓ Mete rad blanch oswa reflektè sou ou lè w ap mache nan fè nwa oswa nan fè bren.

Pou elèv k ap vin sou bekàn yo

Bisiklèt yo konsidere kòm machin tou, kidonk, moun k ap monte bekàn yo sipoze suiv règ sikilasyon Florid yo kòm sadwa.

Montre, pratike ak fè timoun yo sonje pou:

- ✓ Toujou mete kas ki byen chita nan tèt yo.
- ✓ Chak fwa yo gen chans, toujou mache ansanm ak yon granmoun oswa yon elèv responsab ki pi gran pase yo.
- ✓ Toujou obsève tout sa pano siyalizasyon ak siyal trafik yo mande.
- ✓ Woule bekàn nan sou bò dwat wout la oswa sou twotwa a an yon sèl liy (sa vle di youn dèyè lòt).
- ✓ Kondui nan menm direksyon ak lòt machin yo.
- ✓ Pase travèse ray tren yo tou dwat.
- ✓ Toujou fè siyal ak men ou lè w ap fè koub oswa lè w ap kanpe.
- ✓ Bay pyeton yo priorite pasaj epi klaksonen yo swa avèk klaksonn ou oswa avèk vwa w pou avèti yo w ap pase.

Konpòtman elèv:

Tout anplwaye lekòl, paran ak elèv yo responsab pou kreye yon atmosfè konpòtman pozitif. Pale ak pitit ou sou enfòmasyon nou bay la konsènan konpòtman elèv:

Paran yo ak elèv yo dwe suiv kòd konpòtman distri lekòl la. Youn nan fòm move konpòtman ki pi kouran yo se entimidasyon.

Kisa entimidasyon ye?

Se nenpòt konpòtman vèbal oswa fizik endezirab ki rapòte k ap fèt tout tan, tankou paegzanp jès pou entimide, kraponnen, ensilte oswa imilye lòt moun, yon granmoun oswa yon elèv fè ki grav ase pou kreye yon klima edikatif ostil oswa entimidasyon ki rann lòt moun enkonfòtab oswa santi yo imilye, oubyen ki enfluyans tout bon pèfòmans ak patisipasyon lòt moun nan nan zafè lekòl li.

Ki kote ki gen pi fò zak entimidasyon?

Kòm youn nan move konpòtman ki pi pa bon kay timoun, an-jeneral entimidasyon manifeste nan fwaye kote ki gen mwens estrikti ak siveyans granmoun. Pi fò ensidan entimidasyon yo gen tandans fèt sou teren jwèt, nan twalèt, nan vestyè, nan kafeterya lekòl yo, sou entènèt, nan estasyon bis yo ak andedan bis lekòl yo.

Ti konsèy pou elèv:

- ✓ Kanpe lwen degoutan yo
- ✓ Fè yon granmoun konn sa.
- ✓ Evite move sitiyasyon.
- ✓ Chèche fè zanmi.
- ✓ Si gen moun k ap entimide w, di moun nan sispann; epi chèche demake li.

Èske w te konnen dapre rechèch ki fèt ou kab evite omwen mwatye nan tout zak entimidasyon k ap fèt yo?



Èske w te konnen dapre rechèch Sant Nasyonal Sante Mantal ak Edikasyon fè, entimidasyon fizik dirèk pami elèv lekòl kòmansè ogmante depi nan nivo primè pou vin pi plis toujou nan nivo entèmèdyè, alòske li diminye nan nivo segondè?

Pou Pwoteje Timoun yo kont Kadejakè ak Predatè yo—Ti konsèy pou paran ak elèv yo:

Eta Florid se youn nan eta ki gen lwa ki pi estrik nan Etazini an pou pwoteje jèn timoun kont kidnaping. Men se paran ak timoun yo, yo menm, ki reprezante premye mwayen defans pou sekirite yo. Pale ak pitit ou pou li kab pran prekosyon sa yo:

- Pa rete pre okenn moun ou pa abitye ak li k ap eseye kraponnen w oswa fòse w pati avèk li.
- Pale ak paran w oswa nenpòt lòt granmoun ou fè konfyans konsènan nenpòt moun oswa lòt sitiyasyon ki parèt sispèk pou ou.
- Aprann ki jan pou fè deskripsyon moun ak machin.
- Aprann nan ki direksyon ou kab kouri ak fason pou defann tèt ou lè moun ap eseye kaptire w.
- Rele pou lòt moun kab wè ou ak pou fè yon etranje kanpe lwen ou.
- Pa rete pou kont ou; toujou rete ak yon zanmi, nan gwoup, oswa ak paran ou nan estasyon bis la.
- Rapòte pou fè konnen nenpòt moun ou wè k ap flannen oswa k ap pase nan zòn nan tout tan.
- Monte machin moun ki gen otorizasyon lekòl la sèlman.
- Mache oswa kouri bisiklèt ou nan wout paran ou oswa lekòl la detèmine ki bon pou w pase.
- Toujou klele pòt kay la epi pa janm di moun k ap rele nan telefòn yo si ou lakay la pou kont ou.



Pou plis enfòmasyon:

Si w vle jwenn plis enfòmasyon sou fason pou anyen pa rive w ant lakay ou ak lekòl la, konsilte sit entènèt sa yo:

Biwo Administrasyon Transpò lekòl
<http://www.fldoe.org/transportation> ak Sekirite nan lekòl
<http://www.firn.edu/doe/besss/sdfs.html>

Safe Kids USA, Sekirite pou timoun nan Etazini
<http://www.usa.safekids.org/>

Sant Nasyonal pou timoun ki eksplwate ak ki disparèt
www.missingkids.org
1-800-LOST (843-5678)

Biwo Enfòmasyon Santral pou timoun ki disparèt
www.fdle.state.fl.us
1-888-FL-MISSING (356-4774)

Pwogram Sekirite Pyeton/Siklis nan Depatman Transpò Eta Florid
http://www.dot.state.fl.us/Safety/ped_bike/ped_bike.htm

Safe Routes to School Florida,
Wout ki an Sekirite pou ale lekòl nan Florid
www.srtsfl.org

Community Traffic Safety Teams (CTSTs),
Ekip Sekirite Woutyè pou Sikilasyon Kominotè
<http://www.dot.state.fl.us/safety/CTST/CTST.htm>

Depatman Veyikil a Motè ak Sikilasyon
Woutyè nan Florid (FDHSMV; lisans ak chofè minè)
www.hsmv.state.fl.us

Prevansyon kont entimidasyon
www.stopbullyingnow.org

Sant Prevansyon & Kontwòl Maladi
<http://www.cdc.gov/nccdphp/dnpa/kidswalk/>

Administrasyon Nasyonal Sikilasyon Woutyè
<http://www.nhtsa.dot.gov>

Depatman Edikasyon Eta Florid ak distri lekòl Florid yo angaje yo pou bay elèv ak lekòl yo sekirite. Souvan, elèv yo se mache yo mache pou kont yo, woule bisiklèt oswa pran woulib soti lakay pou vin lekòl la oswa nan estasyon kote otobis la ap rete tann yo swa ak paran, responsab yo oswa lòt moun ankò. Depliyen sa a bay yon seri ti konsèy ki enpòtan pou paran, responsab ak elèv yo konnen fason yo kab pwoteje tèt yo, espesyalman lè elèv yo pa gen okenn responsab lekòl la ansanm ak yo ki kab pwoteje yo. Tanpri, pale sou ti konsèy enpòtan sa yo ak pitit ou.¹



Florida Department of Education
Office of School Transportation Management
Office of Safe Schools

¹Nou bay enfòmasyon sa a pou kapab ede distri lekòl yo rete an konfòmite ak kondisyon lalwa egzijè yo pou bay paran, responsab ak elèv yo bon jan enfòmasyon pou sekirite yo (Rule 6A-3.0121, Florida Administrative Code).

